



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE RETOUNEN PLIS PASE \$291,000 BAY 462 TRAVAYÈ OTOBIS

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te retounen \$291,734.34 nan salè bay 462 travayè nan lokasyon Otobis Durham nan tout Eta New York nan kad yon investigasyon Divizyon Pwoteksyon Travayè Depatman Travay te fè.

“Administrasyon sa rete angaje pou redwi sou vòl salè nan tout fòm li e li asire ke travayè yo resevwa yon vrè pewòl pou yon jounen travay onèt,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nou pral kontinye asire ke biznis yo swiv lwa epi kenbe lajan nan pòch Nouyòkè ki te travay di pou fè l.”

Otorite Service Employees International Union Local 200 te enfòm Depatman Travay Eta sou posib vyolasyon ki genyen nan lokasyon otobis Durham nan Syracuse. Envestigatè Depatman Travay yo te kontwòle lokasyon an te yo te dekouvri anpil ka kote yo te manke peye travayè yo ak vyolasyon ki te fèt sou Lwa Prevansyon Vòl Salè [Wage Theft Prevention Act.] Yo te jije ke biznis lan dwe \$12,680.70 nan salè e yo te evalye \$3,170 anplis pou domaj ak enterè.

Depatman an apresa te travay avèk Otobis Durham pou investigate lokasyon adisyonèl yo toupatou nan eta pou yo ka wè si te gen lòt vyolasyon salè ki te rive, finalman detèmine ke yo te dwe plis pase \$290,000 nan peman ki manke nan salè minimòm pou 462 travayè ki lokalize nan Albany, Poughkeepsie, Watervliet, Rochester, Canandaigua, Schenectady ak Minetto (Konte Oswego).

Komisyònè Travay pa Entèrim Mario J. Musolino te deklare, “Travayè Eta New York yo bezwen konnen ke Depatman an kanpe pare pou ede yo lè yo pa touche salè legal yo. Rekipèrasyon sa temwaye dilijans investigatè Depatman Travay la. Grasa efò yo, plizyè santèn travayè pral konplè.”

Divizyon Pwoteksyon Travayè Depatman Travay Eta New York, sa ki investigate vòl salè, ap trete ka yo pi rapid pase anvan-- sa vle di plis travayè ap resevwa lajan yo dwe yo a pi rapidman. Amelyorasyon sa yo fèt, anpati, akòz politik ak amelyorasyon operasyonèl tankou refere plis ka bay konferans konfòmite pou akselere pwosesis rezolisyon an.

Kounye a plis pase 80 pousan nan tout envestigasyon yo fini nan lespas sis mwa. Nan 2014, yo te debouse \$30.2 milyon a preske 27,000 travayè – plis pase nenpòt ane anvan ak yon ogmantason 35 pousan nan fon ke yo te rekipere sou 2013.

Nenpòt moun ki gen kesyon sou salè minimòm oswa lòt règleman nan travay, oswa ki ta renmen depoze yon plent, ta dwe rele: 888-4-NYSDOL (469-7365).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418